

**AVI SOU RÈGLEMAN YO PWOPPOZE POU REKOU KOLEKTIF KONSÈNAN
PWOGGRAM TRANZISYON AK DIVÈSYON MEZON RETRÈT
(NURSING HOME TRANSITION AND DIVERSION, NHTD) NAN NEW YORK**

Ki Moun Ki Ta Dwe Li Avi sa a?

Ou ta dwe li avi sa a si ou se yon manm nan kolektif (fè pati gwoup la) ki pral afekte akoz règleman nan kad rekou kolektif *Bagley v. New York State Department of Health (Bagley kont Depatman Sante Eta New York)* la. Ou se yon Manm Kolektif (Class Member) la si:

- (1) ou se yon rezidan nan Vil New York ki,
- (2) a nenpòt moman apre 18 dawout 2012,
- (3) ou te yon benefisyè oswa se yon benefisyè kouvèti asirans Medicaid ki pran anchaj sèvis swen alontèm kominotè yo, epi
- (4) ou gen plis pase dizwuit lane, epi
- (5) ou te aplike, w ap aplike oswa, pandan yon peryòd twa lane apre apwobasyon Tribunal la sou Akò Règleman (Settlement Agreement) an, ou aplike pou sèvis Pwogram Egzonerasyon NHTD (NHTD Waiver Program) nan Vil New York, epi
- (6) yo te deside ou pa t elijib pou Pwogram Egzonerasyon NHTD a nan faz Antrevi pou Admisyon an, oswa
- (7) yo te di ou li pwobab pou w elijib men apresa yo te deside ou pa t elijib san ou pa resevwa okenn avi fòmèl sou desizyon sa a; epi
- (8) ou pa t janm enskri nan Pwogram Egzonerasyon NHTD a.

Kisa Avi sa a Di?

Avi sa a konsène règleman yon aksyon lajistik ki kapab afekte dwa ou yo. An 2015, yo te depoze devan yon tribunal federal yon rekou kolektif sou Pwogram Egzonerasyon NHTD (“Aksyon Lajistik la”) sou non *Bagley et al. v. New York State Department of Health et al. (Bagley et al. kont New York State Department of Health et al.)* Aksyon lajistik la te di, pami lòt bagay, ke Depatman Sante (Department of Health, DOH) a te konsevwa epi jere Pwogram Egzonerasyon NHTD nan Vil New York la nan plizyè fason ki bay pwoblèm, sa ki te fè li difisil pou moun ki kalifye k ap aplike yo jwenn sèvis. DOH di se pa vre li pa aji yon fason ki pa apwopriye. Moun k ap pote plent yo ansanm ak DOH ap pwopoze kounyeya yon règleman yo panse k ap jis pou tout Manm Kolektif yo. Sepandan, Tribunal la dwe apwouve Akò Règleman an pou li ka antre anvigè.

KISA KI NAN RÈGLEMAN AN?

Angwo, objektif Akò Règleman an vize amelyore komunikasyon avèk moun k ap aplike yo, rann sèvis Pwogram NHTD a disponib pi fasil epi akselere pwosesis aplikasyon an. Pou atenn objektif sa yo, règleman an egzije, pami lòt bagay:

- Fòmasyon adisyonèl pou ajans ki ap jere oswa bay sèvis atravè Pwogram Egzonerasyon NHTD a;
- Sansibilizasyon pou manm kolektif la, rezidan mezon retrèt yo, administratè ak planifikatè egzeyat nan mezon retrèt yo, ak lòt moun, pou enfòme yo sou sèvis ki disponib nan kominotè a nan kad Pwogram Egzonerasyon NHTD a ak pwosedi aplikasyon an;

- Avi alekri ki konsistan ak klè nan lang kouran nan Vil New York, ki ekri an gwo karaktè, an Bray oswa nan fòma elektwonik ki aksesib sou demann;
- Enfòmasyon sou avi refi yo sou fason moun ki ap aplike a kapab konteste desizyon an;
- Rekritman espesyalis lojman pou ede moun ki ap aplike ak kowòdonatè sèvis yo jwenn apatman;
- Chèche enfòmasyon pou ogmante to ranbousman pou Ajans Kowòdinasyon Sèvis (Service Coordination Agencies) yo pou yo kapab envesti tan ekip yo nan ede moun k ap aplike yo anvan sèvis Pwogram NHTD yo kòmanse, annatandan apwobasyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (Center for Medicare and Medicaid Services, CMS) yo;
- Ranfòse kowòdinasyon ant Pwogram NHTD ak Pwogram Pòt Ouvèt (Open Doors Program) la pou ede moun ki ap aplike yo demenaje epi resevwa sèvis kominotè yo yon fason ki pi efikas.
- Ogmante èd ki soti nan men Administratè Pwogram Egzonerasyon NHTD NYC a pou moun ki ap aplike yo kote ka yo gen konpleksite ki fè li pi difisil pou moun nan jwenn aksè avèk sèvis Pwogram NHTD yo.

Chanjman yo pral parèt nan yon nouvo vèsyon Gid Pwogram Egzonerasyon NHTD an, ki disponib pou tout ajans yo ki founi sèvis nan Pwogram lan epi pou gran piblik la sou sit entènèt DOH la.

Sa a se yon rezime tou kout sou Akò Règleman an. Akò Règleman an, ki detaye tout tèm règleman an, w ap jwenn li sou sit entènèt sa a, <https://mobilizationforjustice.org/nhtd/>. Pou jwenn yon kopi Akò Règleman an, oswa si ou gen nenpòt kesyon, ou gendwa rele, voye lèt pa lapòs oswa voye imèl bay avoka pou Manm Kolektif la. Men enfòmasyon pou kontake yo:

**Mobilization for Justice
110 William Street, 6th Floor
New York, NY 10038
Phone: 212-417-3700
Fax: 212-417-3891
nhtdclass@mfjlegal.org**
OSWA
Patterson Belknap Webb & Tyler LLP
1133 Avenue of the Americas
New York, NY 10036
Phone: 212-336-2000
Fax: 212-336-2222
nhtdclass@mfjlegal.org

Dechaj

Si Tribunal la apwouve Akò Règleman an, y ap dechaje DOH de tout responsabilite nan sa ki gen pou wè avèk deklarasyon, enjonksyon oswa nenpòt lòt mezi ekitab parapò avèk evènman ki mennen Aksyon Lajistis la. Sa vle di ou gendwa pa kapab mennen DOH lajistis pou evènman ki gen rapò avèk aplikasyon nan Pwogram Egzonerasyon NHTD a ki te fèt anvan dat rantre anvigè Akò Règleman an.

Ou gen Dwa pou Kòmante sou Tèm Règleman an oswa Opoze ak yo

Anvan yo apwouve Règleman an, Tribunal la pral gen yon “Odyans Ekitab” pou tandem nepòt objeksyon ki ta kapab genyen

Si Mwen Dakò avèk Akò Règleman an Èske Mwen gen yon Bagay pou Mwen Fè?

Non. Si ou dakò avèk Akò Règleman an, ou pa gen anyen pou fè. Si Tribunal la apwouve Akò Règleman an, ou pral wè aksyon ke yo esplike pi wo yo. Ou pral lye tou avèk règleman an.

Kijan Mwen kapab Opoze Mwen ak Akò Règleman an?

Gen de (2) fason ou kapab opoze w ak Akò Règleman an oswa komante sou li:

1. Ou kapab bay Tribunal la yon lèt oswa nepòt lòt deklarasyon alekri ki make “**Bagley Settlement**” (**Akò Bagley**), ki gen objeksyon oswa komantè ou yo sou Règleman an. Asire w ou mete non ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, siyati ou ak yon eksplikasyon konplè sou tout rezon ki fè ou opoze w ak Akò Règleman an. Ou kapab livre lèt la bay Grefye Tribunal (Clerk of the Court) la ampèsòn, nan dat oswa anvan dat [insert date from Order] oswa pa lapòs, kote lèt la dwe gen tanpon lapòs la pou pita nan dat [insert from Order]. Ou dwe voye tou yon kopi lèt la bay swa Patterson Belknap Webb & Tyler LLP oswa Mobilization for Justice, avoka pou Manm Kolektif la. W ap jwenn lis adrès postal avoka yo pi wo a. W ap jwenn adrès Tribunal la pi ba la a:

**Clerk of the Court
United States District Court for the Eastern District of New York
225 Cadman Plaza East
Brooklyn, New York 11201**

2. Ou kapab vini nan tribinal la nan dat Odyans Ekitab (Fairness Hearing) la (gade pi ba) epi di Jij la komantè ou yo ak/oswa objeksyon ou yo. Se Jij Frederic Block ki ap prezide Odyans Ekitab la nan Courtroom 10C South, nan 10yèm etaj United States District Courthouse, 225 Cadman Plaza East, Brooklyn, New York, nan dat _____, 2024, a _____. Yo pa egzije pou w patisipe nan Odyans Ekitab la si ou pa swete fè komantè oswa si ou te depoze yon objeksyon oswa komantè alekri.

Si ou gen nepòt kesyon, ou gendwa rele oswa voye imèl bay avoka Manm Kolektif la.

PA RELE TRIBINAL LA

Avi sa a disponib tou nan lang Arab, Bengali, Biman, Chinwa, Franse, Kreyòl Ayisyen, Italien, Japonè, Koreyen, Nepalè, Polonè, Ris, Panyòl, Oudou ak Yidich sou sit entènèt Depatman Sante Eta New York la, sou https://health.ny.gov/facilities/long_term_care/nhtd/resources/index.htm.